

BAB III MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan (1) Desain Panalungtikan, (2) Sumber Data, (3) Prosedur Panalungtikan, (4) Instrumen Panalungtikan, (5) Téhnik Ngumpulkeun Data, jeung (6) Analisis Data.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pre-test post-test design*. Ieu panalungtikan dimimitian ku pre-test pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina nyarita minangka panumbu catur. Sanggeus kitu, siswa dibéré pamahaman ngeunaan matéri panumbu catur jeung ngeunaan média *Cue Card* tur cara makéna pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa. Léngkah nu pamungkas nyaéta siswa dibéré *post-test* pikeun mikanyaho naha aya bébédaan kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur sanggeus ngagunakeun média *Cue Card*. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep leuwih akurat ku ayana tés awal jeung tés ahir pikeun ngabandingkeun kaayaan saméméh jeung sanggeus dibéré perlakuan (ékspérimén). Ieu di handap mangrupa gambaran rancangan ékspérimén.

Tabél 3.1

Desain Panalungtikan

Grup	<i>Pre-test</i>	Perlakuan	<i>Post-test</i>
Ékspérimén	O ₁	X	O ₂

Keterangan:

O₁: *pre-test* (kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur saméméh ngagunakeun média *Cue Card*)

X: *treatment* (média *Cue Card* dilarapkeun dina pangajaran panumbu catur)

O₂: *post-test* (kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur sanggeus ngagunakeun média *Cue Card*)

Pre-test atawa tés awal jeung *post-test* atawa tés ahir dina ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén nu sarua anu dilambangkeun ku O. Nu ditandaan ku X nyaéta perlakuan atawa *treatment* anu dilakukeun sarta dititénan pangaruhna dina ieu kuasi ékspérimén. Perlakuan dina ieu panalungtikan mangrupa média

Rita Mariam, 2023

MÉDIA CUE CARD DINA PANGAJARAN PANUMBU CATUR (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository@upi.edu | perpustakaan@upi.edu

pangajaran *Cue Card*. Pangaruh nu signifikan tina perlakuan X bisa katitén ku cara ngabandingkeun hasil tés awal atawa *pre-test* jeung hasil tés ahir atawa *post-test*. Pangaruh tina perlakuan atawa *treatment* kana hasil diajar siswa dina *pre-test* jeung *post-test* diparuluh dina analisis data.

3.2 Sumber Data

Data anu dicangking nyaéta kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa Kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék taun ajar 2022/2023. Alamat SMAN 1 Rancaékék nyaéta di Jalan Walini Kecamatan Rancaékék Kabupatén Bandung 40394. Jumlah siswa kelas XI IPS 1 aya 37 siswa, 17 lalaki jeung 15 awéwé.


Tabél 3.2

Sumber Data Siswa Kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék

Kelas	Wanda Boga	Jumlah
XI IPS 1	Lalaki	16 siswa
	Awéwé	20 siswa
Jumlah		36 siswa

3.3 Prosedur Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan ngagunaeun métodeu kuasi ékspérimén. Desain anu dilarapkeun nyaéta desain *one grup pre-test and post-test*. Pikeun leuwih jéntré ngeunaan prosedur anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, digambarkeun dina ieu bagan di handap.



Bagan 3.1

Raraga Mikir

Rita Mariam, 2023

MÉDIA CUE CARD DINA PANGAJARAN PANUMBU CATUR (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository@upi.edu | perpustakaan@upi.edu

Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap mangrupa pedaran ngeunaan poin-poin dina bagan raraga mikir di luhur.

a. Masalah anu Karandapan dina Pangajaran Panumbu Catur

Dina léngkah prosedur nu manggaran nyaéta panalungtik manggih masalah anu karandapan ku siswa dina pangajaran panumbu catur. Masalah anu kapanggih dina pangajaran panumbu catur nyaéta kamampuh nyarita siswa nu can nyuponan kahayang KD. Dina KD 4.3 di kelas XI nu Nyoko kana kurikulum 2013 revisi 2017 miboga udagan sangkan siswa bisa ngadémonstrasikeun panumbu catur kalawan ngalarapkeun aspék kabasaan kayaning diksi, undak-usuk basa, jeung kasaluyuan kagiatan. Ieu hal dibuktikeun kucan kahontalna KKM ku siswa alatan aspék-aspék nu tadi disebutkeun can dicangking kalawan hadé ogé faktor lian anu milu mangaruhan.

b. Rumusan Masalah

Sanggeus kapanggih ayana masalah nu tuluy diidentifikasi, panalungtik nangtukeun rumusan masalah dumasar masalah anu karandapan nyaéta kurangnya kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur di kelas XI SMAN 1 Rancaékék.

c. Raraga Tiori

Pikeun ngaguar jeung ngaréngsékeun ieu masalah, dibutuhkeun ayana raraga tiori nu puguh tur ngarojong kana ieu panalungtikan. Dina ieu panalungtikan raraga tiori ngawengku kana media *Cue Card* jeung panumbu catur.

d. Ngarumuskeun Hipotésis

Sanggeus masalah geus puguh rumusanna jeung puguh tiori nu dipakéna, prosédur satuluyna nyaéta nyieun hipotésis nu mangrupa jawaban anu sipatna sementara tur kudu diuji bebenerannana.

e. Ngarumuskeun Instrumén

Pikeun ngalasanakeun *pre-test* jeung *post-test* diperlukeun ayana instrumen pikeun nyangking data nu diperlukeun. Instrumén anu dipaké mangrupa soal *pre-test* jeung *post-test*.

f. Ngumpulkeun Data

Dina prak-prakan panalungtikan, data anu dibutuhkeun ku panalungtik dikumpulkeun ngagunaeun téhnik tés. Tés pikeun ngumpulkeun data téh

dilaksanakeun dua kali. Nu kahiji nyaéta *pre-test* pikeun meunangkeun data kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur saméméh ngagunakeun média *Cue Card*. Tés anu kadua mangrupa *post-test* pikeun meunangkeun data kamampuh nyarita siswa sanggeus ngagunakeun média *Cue Card*.

g. Analisis Data

Ieu léngkah mangrupa tindak lanjut atawa pengolahan tina data anu geus dicangking ku panalungtik. Dina ieu léngkah panalungtik ngagunakeun aplikasi SPSS versi 25 pikeun nganalisis data kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Cue Card*.

h. Nyieun Kacindekkan

Hasil analisis data tuluy dicindekkeun, naha kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Cue Card* téh aya béda atawa karonjatan anu signifikan atawa henteu sarta aspék-aspék naon waé nu ngaronjat upama aya karonjatan.

i. Nyieun Laporan

Sanggeus sakabéh léngkah-léngkah dina ieu prosedur laksana. Ieu panalungtikan bakal dijieun laporan anu eusina ngadadarkeun ngeunaan sakabéh runtuyan prosédur ieu panalungtikan.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur anu dibeunangkeun dina ieu panaluntikan dikumpulkeun ku cara ngeunakeun téhnik tés lisan. Tés lisan nu dilasanakeun ngawengku *pre-test* (tés awal) jeung *post-test* (tés ahir). Ieu tés lisan ngahasilkeun ukuran kamampuh nyarita siswa kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék dina pangajaran panumbu catur. Kamampuh nyarita siswa kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék dina pangajaran panumbu catur saméméh digunakeunna média *Cue Card* bisa kapaluruh tina hasil *pre-test*. Sedengkeun *post-test* dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh nyarita siswa kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék dina pangajaran panumbu catur sanggeus digunakeunna média *Cue Card*.

3.5 Instrumen Panalungtikan

Dina ngajén kaparigelan dina hiji pangajaran bisa dilaksanakeun liwat opat tehnik nyaéta prakték, produk, projék, jeung portofolio. Dina ieu panalungtikan tehnik penilaian anu dipilih nyaéta tés prakték. Tés prakték nyaéta hiji teknik penilaian kaparigelan anu miboga tujuan pikeun ngukur capaian pembelajaran nu mangrupa kaparigelan prosés.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés prakték. Dina prak-prakannana panalungtikan dilaksanakeun tés awal anu can dibéré perlakuan (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*) nu dibéré perlakuan ngagunakeun média *Cue Card*. Instrumén dina ieu panalungtikan baris dijentrékeun di handap.

Tabél 3.3

Instrumén Panalungtikan

<p>Paréntah:</p> <p>Pék pilih salasahiji kagiatan ieu di handap:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Sawala Poé Basa Indung Internasional 2. Debat Calon Ketua OSIS 3. <i>Talk show</i> jeung Inohong Sunda <p>Sanggeus milih, pék jieun vidéo démonstrasi hidep jadi panumbu catur kalawan merhatikeun padika panumbu catur jeung aspék katatabasaan. Kirim ka <i>e-mail</i> ritamariam@upi.edu kalawan waktu nu geus ditangtukeun. Cag!</p>
--

3.6 Analisis Data

Dina ieu subbab ngawengku téhnik analisis data, uji sipat data, jeung uji hipotésis anu ébréh ieu di handap.

3.6.1 Téhnik Analisis Data

Data nu baris diolah jeung dianalisis nya éta data kamampuh awal tina hasil tes awal (*pretest*) jeung data kamampuh akhir tina hasil tes ahir (*posttest*). Léngkah-léngkah nu baris dipigawé saperti ieu di handap.

a. Mariksa Hasil Nyarita Siswa dina Pangajaran Panumbu Catur

Dina nangtukeun peunteun hasil tés siswa, panalungtik madom kana pedoman meunteun nyarita nurutkeun (Haerudin & Suherman, 2013) anu ngawengku tilu aspek. Aspék nu kahiji nyaéta aspék basa nu ngawengku pilihan kecap, struktur

Rita Mariam, 2023

MÉDIA CUE CARD DINA PANGAJARAN PANUMBU CATUR (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository@upi.edu | perpustakaan@upi.edu

kalimah, lentong, jeung undak-usuk basa. Nu kadua nyaéta eusi nu ngawengku kasaluyuan jeung jejer, jeung gagasan. Nu katilu nyaéta tagog nu ngawengku gestur (réngkak atawa pasemon) jeung gaya nyarita. Ieu di handap mangrupa bagan kritéria méré skor nurutkeun (Haerudin & Suherman, 2013) nu dimodifikasi ku panalungtik.

Tabél 3.4
Pedoman Meunteun Prakték Nyarita

Aspék nu Diajén	Bobot	Interval	Kategori	Indikator
A. Basa 1. Pilihan Kecap 2. Struktur Kalimah 3. Lentong 4. Undak Usuk Basa	45%	51-60	Kurang pisan	Pilihan kecap, struktur kalimah, lentong jeung undak-usuk basa teu merenah
		61-70	Kurang	Pilihan kecap, struktur kalimah, lentong jeung undak-usuk basa kurang merenah
		71-80	Sedeng	Pilihan kecap, struktur kalimah, lentong jeung undak-usuk basa méh merenah
		81-90	Hadé	Pilihan kecap, struktur kalimah, lentong jeung undak-usuk basa geus merenah
		91-100	Hadé pisan	Pilihan kecap, struktur kalimah, lentong jeung undak-usuk basa merenah pisan méh sampurna
B. Eusi 1. Kasaluyuan jeung Jejer 2. Gagasan	35%	51-60	Kurang Pisan	Kasaluyuan caritaan jeung jejer sarta gagasan nu dipedar teu merenah
		61-70	Kurang	Kasaluyuan caritaan jeung jejer sarta gagasan nu dipedar kurang merenah
		71-80	Sedeng	Kasaluyuan caritaan jeung jejer sarta gagasan nu dipedar méh merenah
		81-90	Hadé	Kasaluyuan caritaan jeung jejer sarta gagasan nu dipedar geus merenah

Aspék nu Diajén	Bobot	Interval	Kategori	Indikator
		91-100	Hadé pisan	Kasaluyuan caritaan jeung jejer sarta gagasan nu dipedar merenah pisan méh sampurna
C. Tagog 1. Géstur (Réngkak/Pasemon) 2. Gaya Nyarita	20%	51-60	Kurang pisan	Géstur jeung gaya nyarita teu merenah
		61-70	Kurang	Géstur jeung gaya nyarita kurang merenah
		71-80	Sedeng	Géstur jeung gaya nyarita méh merenah
		81-91	Hadé	Géstur jeung gaya nyarita geus merenah
		91-100	Hadé pisan	Géstur jeung gaya nyarita merenah pisan méh sampurna

b. Tabulasi Data

Peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.5

Format Peunteun Panumbu Catur

No.	Wasta	Aspék nu Dipeunteun			Skor			PA
		A	B	C	A (45%)	B (35%)	C (20%)	
1.		50	50	50	22.5	17.5	10	50
2.								

Keterangan:

A: aspek basa

B: aspek eusi

C: aspek tagog

Skor A: peunteun A x 45%

Skor B: peunteun B x 35%

Skor C: peunteun C x 20%

PA: peunteun ahir (Skor A + Skor B + Skor C)

c. Méré Katégori Kana Hasil Nyarita Siswa dina Pangajaran Panumbu Catur pikeun Nangtukeun Skor Ahir

Kamampuh nyarita siswa dipasing-pasing kana lima katégori pikeun ngukur kamampuhna geus aya dina katégori naon. Katégori nu dimaksud aya lima katégori nu ngawengku katégori kurang pisan, kurang, sedeng, hadé, jeung hadé pisan.

Tabél 3.6

Katégori Penilaian

Katégori Penilaian	
50-60	Kurang Pisan
61-70	Kurang
71-80	Sedeng
81-90	Hadé
91-100	Hadé Pisan

d. Analisis Kamampuh Nyarita Siswa dina Pangajaran Panumbu Catur ngagunakeun Média Cue Card

Sanggeus léngkah-léngkah di luhur, léngkah satuluyna nyaéta analisis kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Cue Card*. Ieu analisis dumasar kana aspék-aspék anu dipeunteun, sangkan leuwih jéntré ieu di handap mangrupa tabél analisis kamampuh nyarita siswa dina pangajaran panumbu catur saméméh jeung sanggeus ngagunakeun *Cue Card*.

Tabél 3.7

Analisis Kamampuh Siswa Saméméh jeung Sanggeus Ngagunakeun Média Cue Card

No	Pretest		Posttest	
	Rata-rata	Katégori	Rata-rata	Katégori
Peunteun Ahir				
Aspék Basa				
Aspék Eusi				
Aspék Tagog				

Rita Mariam, 2023

MÉDIA CUE CARD DINA PANGAJARAN PANUMBU CATUR (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository@upi.edu | perpustakaan@upi.edu

Keterangan:

A: Aspek Basa (pilihan kecap, struktur kalimat, lentong, undak-usuk basa)

B: Aspek Eusi (kasaluyuan jeung jejer, gagasan)

C: Aspek Tagog (gestur, gaya nyarita)

Kategori: Kamampuh nyarita siswa dumasar rentang peunteun

3.6.2 Uji Sipat Data

Data dina ieu panalungtikan baris dianalisis ngeunakeun program SPSS Versi 18. Léngkah anu kahiji pikeun nganalisis data panalungtikan ngagunakeun SPSS nyaéta uji sipat data. Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis.

Uji normalitas dilasanakeun pikeun mikanyaho distribusi data diina variabel panalungtikan. Data anu alus jeung layak dipaké dina panalungtikan nyaéta data anu distribusina normal. Pikeun nangtukeun sipat data, carana ngagunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov*. Dina uji *Kolmogorov-Smirnov* ieu, data nu distribusina normal taraf signifikanna nyaéta $> 0,05$. Satulunya, hasil uji normalitas bakal nangtukeun naha uji hipotésis nu dipaké ngagunakeun statistik paramétrik atawa statistik non-paramétrik.

3.6.3 Uji Hipotésis

Nurutkeun (Sugiyono, 2016) hipotésis mangrupa jawaban saheulaanan ngeunaan rupa-rupa pasualan anu aya dina hiji panalungtikan, nepi ka aya bukti liwat data nu geus dikumpulkeun. Jadi sacara gurat badagna hipotésis mangrupa jawaban anu sipatna sementara tur kudu diuji bebenerannana. Dina hiji panalungtikan, hipotésis kudu dirumuskeun sacara singget tapi geus némbongkeun patalina dua variabel atawa leuwih. Ieu hal ogé perlu diwewegan ku pamadegan atawa tiori ti para ahli.

Pikeun nguji hipotésis, diperlukeun hasil uji normalitas. Lamun hasil uji normalitas némbongkeun distribusi data anu normal, nu dipaké pikeun nguji hipotésis nyaéta statistik paramétrik. Sedengkeun lamun distribusi data na teu normal, uji hipotésis anu dipaké nyaéta statistik non-paramétrik. Dina ieu panalungtikan, uji hipotésis dilasanakeun ngagunakeun *t-test program* SPSS Versi 18. Dina *t-test program* hal nu dijadikeun acuan uji hipotésis nyaéta nilai

signifikansi (sign). Ieu di handap mangrupa rumusan hipotésis dina ieu panalungtikan.

- 1) H_0 (Hipotésis Nol) = teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nyarita siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Cue Card* dina pangajaran panumbu catur di kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék Taun Ajar 2022/2023.
- 2) H_1 (Hipotésis Alternatif) = aya béda anu signifikan antara kamampuh nyarita siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Cue Card* dina pangajaran panumbu catur di kelas XI IPS 1 SMAN 1 Rancaékék Taun Ajar 2022/2023

Pikeun nguji hipotésis di luhur, ieu di handap mangrupa kritéria.

- 1) H_0 ditarima atawa H_1 ditolak. Upama nilai *sign (Signifikansi)* $\geq 0,05$.
- 2) H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Upama nilai *sign (Signifikasi)* $\leq 0,05$.